Хьыджэбз эжьуэжэр щауэ къуданхэр
ХуещІыжри гъусэ,
Кьигъэльагъуэу пщащэм зэрыхуищІыр пщІэ,
БгъуротІисхьэжри езыри дэлъху папщІэу.
Еуэу пшынэм, еуэу бэрэбанэм
Хьыджэбз ныбжьыщІэр яшэжьыр Шэшэным.
Шэшэн щІыналъэр гуапэу зыІущІахэр
Фызабэкьуэм и пщІантІэм щопсыхьыр.
ЗэІуагъэ ззэщІыкІри инру куэбжэр,
Я хьыбарыр псынщІэу зэбгрожьыр.
Кьыззэхуос аб дежьм цІыхур Іуву,
Кьахэмыкіыным папщІэ кьахущІэбжэ,
Адыгэр ахэм я пащхьэм кьоувэ:
- Іуэнэгъу щыти, нэхъ жьыжьэІуэу щыти,
Зыри къэмынэу псори зэрыщыту
НыжвесІэнум фІыкьедаІуэ быдэу-
Ныбжьэгъу къэсщІауэ фызабэкъуэр
Си дежьІэ хъуащи кьуэш пІэльытэ
ЛъызгъэсыжьІну арщ хуэфащэр-
Сшами нысащІэр
Бгъам ущхьэдэжмэ, Кьэбэрдейм,
Дэсхьн си гугъэу хьэгъуэлІыгъуэр,
Жэщибл-махуфлкІэ дауэдапщэр
ЩІыдгъэльэпІащ адыгэ Іэнэм.
ПІальэр кьэсауэ жэщ еянэм
КьыщыссщІэм пщащэр си ныбжьэгъум
И мыыхьлыуэ, зэрнысащІэр,
Кьыхуэссшэкащ цІыхубзыр зейм
Сэри сыкьэкІащ и гъусэу,
ВжесІэну сэ зэрысхуэхьуар ар нысэ
Иджы фыкьетІысэкІи Іэнэм,
Фыхуэхьуахьуэ си ныбжьэгъу шэшэнум.
Жэщибл-махуфлкІэ иффынур, фшхынур
ЩхьэгъэрытгъэнтІэ ящІыгъуэнущІ»
Апхуэдэу еухри и псальэр,
Адыгэм фызабэкьуэм дех нехуэри и льэр,
ЖреІэр зэрыщыгъуаззэр ар и щхэум,
КьыззэрекІуэкІари хуеІуэтэжыр Іуэхур:
«Жэщибл-махуфлкІэ ефэешхэм
ЩагъэльэпІащ си Іуэхур ину.
Арати кьосри жэщ еянэр,
Уэ сыбгъэшам жьыпІэу уи щыпхьу у
И дек сщІыр ящІэ жэщ зэрыхьуу.
Уэри щІыжж а си лэгъунэм
НысащІэр, щІэзу нэпсыр и нэм,
ЩІэсщ ГъуэгІыу, кьыскъэмыщІэу кьыщыщІар,
Иту кьеуэмкІэ сыщеупщІам:
- Ирихькъэ унгу саугъэту кьыпхуащІар?
Кьыжеіэт пэжыр, сыт уІущІэнар,
Сылажьэнщ1у Іуэ гур кьыщІызэбгъэр?
ЩхьэР течауэ жызоІэр нысащІэм:
«Сигу иримыхьмэ си уанэшыр,
НэгъуэщІкІэ зызохьэкІыр заншІэу,
КьысІуплъэхункІэ иПу хэзгъэщІу,
Сыхуейкьым зэи сэ нысащІэ.
Сыноіэбакъым - уэрэ оощІэ,
Жьабзэщ укьызэрсщІау э.
Жуэмыныкъуэм и гульытэ -
Фи деж уншэжьыфынщ Курсолътэ.
И Шэшэн лъахэр зэрыпагэ
Хьыджэбзым щхьэр кьеІэтыр лъагэу:
- БжесІэнщи пэжыр, сыхуэмей,
Уэ зэи уІущІэну Іей.
Укьыстщыхьуауэ гурымыхьу
Аракъым нобэ сыщІэпхьэр.
Сигу къэкІыжауэ сабингъуэ ильэсхэр
Араш си нэпсыр сфІыщІрильэсхэр.
- Сыхуейщ ухьуну насыпыфІэ, дахэ,
Араш сэ нобэ си щыпэльагъуу
И гум къэкІыжмэ сабингъуэр,
ЦІыхум и нэпсыр къещэхьу.
Кьыжеіэ пэ жыр, умыбзыщІу
КьэІуатэ уи гур хэзыгъэщІыр.
Уэ унафэ зэрыпщІау э
И пІэр уи пэшым щІыхуащІати,
Абы щІыхьэри жэщ ныкъуэм
Іуэпльыжащ жеиру фызабэкъ хуэр.
Абдеж жэщыр уэрагъ фІэкІ имыщІэу
КьыщІыхьащ а пэшым уи нысащІэр.
КьыщІыхьащ. Гъуэ ныжжащ зитІэщІри.
ЗыкьримыгъащІэу хьыджэбзым,
Фызабэкьуэм и щІыбыр кьеГъазэ.
Хьыджэбзыр кьэгъуэльыну и гупэм
ЩІыхуэкъжьэм, Іуигъэкіуэтыну щІэбэм
И Іэпэр лъэІэсати и бгъэм зэрымыщІэкІэ,
ЩІалэр кьотэжьри щхэу,
И Іэпитіри кьамэкІэ пегъэхур!
Бэльтоку кІапэм ахэр кІуэщІеныхьри
ЩІэхуу щхьэгъубжащхьэм трельхьэр.
Мис араш зэрыхьуар фызабэкъуэм и Іуэхур!
Кьыззэльэуауэ, арат схьумэр щхэ.у.
Іэпхьуамбитіыр иджыри щхьэгъубжащхьэм
Тельщ бэльтоку кІапэм кІуэщІышыхьауэ.
КІэрыгъуэжауэ абы кІэрыльэ льыр
ЩІыхьэт хъэхуфынущ жысІа псальэм.
Сришыпхьукьым сэ абы умыгъэщІагъуэ -
Зэрыщыкьуурэ фІыуэ сыкьелъагъур.
Сэ зыращ зыхуейр ищІыну щхьэгъусэ,
Мыпсэуфынну сэ сримыгъусэм...
ЩІалэр зэуэ къыщолъэтыжьыр
ТІэкІуи гуфІэу и Іупэхэр зэтохыр:
- «Сыту фІыт, сэ Іуэжур хэмыкІасэу
Пэжым сызэрыхуэпщІар нэІуасэ.
Си ныбжьэгъум фІыуэ ильэгъуэ хьыджэбзыр,
Зыри къэмыхьэм, Іуигъэкіуэтыну щыІэбэм
�ныплъэІэсауэ щытамэ си Іэр,
Ар пызупщІыжынти цІыгІ жызмыІэу,
КьищынэмыщІауэ сніЗр гъащІэу
Схьынут сэ щІэщхьэщхьэм сигъэхьщІэу.
Курсолътэ щІож, зэщІелъхьэ и шы уанэр,
Кьыззэхуеешэри и ныбжьэгъухэр,
ХуэщІеуэдэ я гъэуэгуанэм.
Хьыджэбз эжьуэжэр щауэ къуданхэр
ХуещІыжри гъусэ,
Кьигъэльагъуэу пщащэм зэрыхуищІыр пщІэ,
БгъуротІисхьэжри езыри дэлъху папщІэу.
Еуэу пшынэм, еуэу бэрэбанэм
Хьыджэбз ныбжьыщІэр яшэжьыр Шэшэнум.
Шэшэн щІыналъэр гуапэу зыІущІахэр
Фызабэкьуэм и пщІантІэм щопсыхьыр.
ЗэІуагъэ ззэщІыкІри инру куэбжэр,
Я хьыбарыр псынщІэу зэбгрожьыр.
Кьыззэхуос аб дежьм цІыхур Іуву,
Кьахэмыкіным папщІэ кьахущІэбжэ,
Адыгэр ахэм я пащхьэм кьоувэ:
- Іуэнэгъу щыти, нэхъ жьыжьэІуэу щыти,
Зыри къэмынэу псори зэрыщыту
НыжвесІэнум фІыкьедаІуэ быдэу-
Ныбжьэгъу къэсщІауэ фызабэкъуэр
Си дежьІэ хъуащи кьуэш пІэльытэ
ЛъызгъэсыжьІну арщ хуэфащэр-
Сшами нысащІэр
Бгъам ущхьэдэжмэ, Кьэбэрдейм,
Дэсхьн си гугъэу хьэгъуэлІыгъуэр,
Жэщибл-махуфлкІэ дауэдапщэр
ЩІыдгъэльэпІащ адыгэ Іэнэм.
ПІальэр кьэсауэ жэщ еянэм
КьыщыссщІэм пщащэр си ныбжьэгъум
И мыыхьлыуэ, зэрнысащІэр,
Кьыхуэссшэкащ цІыхубзыр зейм
Сэри сыкьэкІащ и гъусэу,
ВжесІэну сэ зэрысхуэхьуар ар нысэ
Иджы фыкьетІысэкІи Іэнэм,
Фыхуэхьуахьуэ си ныбжьэгъу шэшэнум.
Жэщибл-махуфлкІэ иффынур, фшхынур
ЩхьэгъэрытгъэнтІэ ящІыгъуэнущІ»
Апхуэдэу еухри и псальэр,
Адыгэм фызабэкьуэм дех нехуэри и льэр,



Сурэтхэр **Горлов Михаил** *ищащ.*

Сыіуигъэкіуэтыну кьыщыІэбэм, Іэпитіымкіэ
Си бгъэм кьыльоІэсыр зэрымыщІэу,
Абдежым щІалэм кьерыхри кьамэр щхэуу
А и Іэпитіри зэуэ кьыпёгъэхур.
Ахэр бэлтокум кІуэщІешыхьри,
Хуэму трельхьэр щхьэгъубжащхьэм.
Нэм кьыщІэІэбэр умыльагъуу кІыфІ пэтми,
Сльэгъуащ сэ ахэр псори зэрыщІыту
Апхуэдизу сыкьыльагъущымыхьукІэ,
ИІэжьым щІалэм кьерыхри кьамэр щхэуу
Сегупсысри, сыкьэкІуэжащ си адэм деж,
Адэкіэ уэзрыхуейуэ зыгурыгъэІуэж...»
Апхуэдэу пщащэм и хьыбарыр кьеІуэтэж.
- Иджы кьедаІуэ, ныбжесІэнуэ,
Зэрыхьуа псори кьеІуэтэж щэшэным:
«Мыдэ кьеплъыт си Іэм,кьеплъыт Іэпхь уамбищщ
Мыбы пытыжьыр, зэрыплъагъу...
Абы йоплъри, пІащащэм и гур щІэгъуу,
ХущІогъуэж езым и зэранкІэ фызабэкьуэм
А жэщым зытридзэжащи дыркъу?
- Апхуэдэ щІэщхьэм сыкъэуауэ?
НэхъыфІти сэ сыкьамылъхуамэ?
Кьэхъуар - кьэхъуащ, сыт пхуещІэжьинур!-
ЗгъуэгкІэ Іэпэр кьыпымыкІэжьыну!
Іэпхьуамбэншэуи лІыкфІыр псэуфынущ!
Сыт хуэдэу Іуэхур кьеІуэкІами,
Си гуапэт щІэтъэкьуэн сыпхуэхьуфамэ!
ЖьІэт иджы, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ
Укьинкіыу щІыпІэ жьыкъэ си деж укъэзыхьар?
Иджыпсту си унэм щокІуэкІ хьэгъуэлІыгъуэ,
Ефэешхэ Іэнэр щызэрахъэ
Адыгэлі Курсолътэ я тхьэмадэу!
СынольэІур щхьэщэщхъэ ныпхуэсщІу -
Си гъуэсу нэбгъэзэжу, нысащІэу
Ущыхьэжьыну Курсолътэ и унэм -
Араш кьыщІепсыхар уи жеІэр щэшэнр.
- Седэіуэнщ, шууей, уи чэнджэщым, -
Куэдрэ мыгупсысэу жеІэр пщащэм.
И адэм ирагъащІэри хьыбар,
ЛІыкьым якуэзэщІегъащІэ гур.
Сагъэтхэр изу зэрыль Іимэр
Зимыгъэгувэу кьытоувэр гъуэгум.
Щэшэным, Альбикэ щІыгъуу дэльху пэльытэу,
Хьыджэбзыр ешэ и унэм Курсолътэ.
ХьэгъуэлІыгъуэ еефэешэр зэхаублэу,
ПсынщІэ дыдэу зэхуашэсыр хьэблэр.
Кьаіэри псальэ фызабэкъуэм,
Кьотэжжьар кьиІэтауэ бжьакъуэр:
И узынщагъэкІэ Кьэбэрдейм,
Мы хьэхъуэбжьэр сІэтыну сыхуейщ!
Шхыни фади зым фемыблэу,
ВтъэбжьыфІэ Іэнэр жэщибл-махуфлкІэ!
Жэщибл-махуфлкІэ Іуамыхьыжу Іэнэр,
Щекіуэкіащ ефэешхэр Курсолътэ и унэм.
Тхьэмахуэ псокІэ щыхьэщІауэ щэшэн къ ужжэм,
Адыгэр гъ уэгу кьыпхуэвжж унэм кьэкІуэжу.
ЩІалэ кьуданхэр и шу гъ уэсу,
Шагъдий гъэшхахэм хатІэ-хасэу,
ЗэщІагъэбжьыфІэу мы дунейр,
КьокІуэжьыр гупыр Кьэбэрдейм.
Курсолътэ эыщ хуэмыгъэщІагъуэр -
КьыдыщІэльагъуэркьым ныбжьэгъэр:
«ЩыкІуэдари дэнэ фызабэкьуэр,
Гъусэ гуэри имыІэу, и закъуэу?!»
Сыт щІигъуи хуэдэу пагэу адыгэ щІалэр
Кьыдохьэжьыр и адыгэ жьылэм.
Ауэ кьыхуэмыщІэу зыхуихьынур
Пшынауэ макъыр кьыщІоІукІ и унэм.
Кьуажэр зэрызохьэ бжьэ кьэпщІауэ-
Араўэ пІэрэ унэщІэ хъэхъу ящІауэ,
Е кьишауэ нысэ зыгуэрым
И дауэдапщэр дахьу пІэрэ уэру?!
ИтІани, сыт хуэдэу щытми,
Сэ зыри хэзмыщІыкІыу, сыхэмыту
ЩызыгъэзыІуари хэт си унэм
Ехьэжьауэ ефэешхэ Іэнэр? -
Курсолътэ и гъусэхэм еупщІми,
Яхэтхьым и жэрапыр зыщІэ.
ПщІантІэм дыхьэжмэ, кьельагъур -
НыбжьэгъуфІэ и гуащІэгъуэ хьэгъуэлІыгъуэр,
ІэщІэту фадэр зэрыт бжьакъуэр,
Щысщ и тхьэмадэу фызабэкьуэр!
- «Сэлам алейкум, си ныбжьэгъум!
КьызгурыгъаІуэт мы сэ сльагъур!
- «Уалейкум сэлам, кьеблэгъэ ж,
Укъэсжакъэ уэ и чэзу дыдэ у!
Альбикэ уэрэ унагъуэ быдэ
Фыхьуну кьыдоІэт ди хьэхъур нобэ!
Апхуэдэу жеІэри фызабэкъуэм
Кьрет ныбжьэгъум фадэ зэрыт бжьакъуэр.
Курсолътэ егъэщІейри фадэр
ХоІубыр мащІэу фІэІэфІ дыдэу
ИкІи захуегъаэзри Іэнэм,
Кьрегъажьэ хьэхъу яжриІэнур:
- Узынщагъэр Аныхьым зритын шууейхэ!
Сышыхьуэзащ сэ лІыфІ Іэдакъ мы дунейм
Я щэрыІуагъэр кьилжьауэ я лІыгъэм.
Ауэ мы си ныбжьэгъу шэшэным хуэдэу пэжу
Ныбжьэгъугъэм бгъэдэт емыпщІыжу
Сыхуэзауэ сщІэжьыркъым си гъащІэм -
Уафэр кьехуэжьыу кьыт еуэам ди щым
Е щІым зиІэту льэтэжми уафэ льащІэм,
Кьыгъэлэнджжнкъым абы ди ныбжьэгъугъэр.
Дыщэр ёофэгъэжкІыр ныбжьэгъу пэжым,
Дыщэр зэрыцІур умыльагъужу.
Си ныбжьэгъу шэшэн зеиншэр
Кьызэрыслъытэр иджы кьэушщ.
Зэныбжьэгъугъэр игъэпажэу,
КьысхущІэкІащи ар цІыху пэжу ,
Кьысыт защІэу щытыну и гъащІэр
Сыхуэ хьуахьуэ эу, мы бжьаныу эр соунэщІыр!
Махуэ нэхупблкІэ, жэщ кІыфІпблкІэ
ЩІэІэтащ хьуэхъушхуэ хьэгъуэлІыгъуэ Іэнэм.
ХьэгъуэлІыгъуэри зэгугъэ и кІэм ноблагъэ,
Ауэ кІэ зимыІэ ныбжьэгъугъэм эзэпщІати
Шэшэныр, Кьэбэрдейр,
Дзрэжьгъэуэ иным зэщІнІэтэу
Хьуат нэхъ дахэ куэдкІэ я дунейр!
Псэущ ныбжьэгъуитІыр насыпыфІэу
Лажьэу, шхжжу я щІэнтІэпІэ хьэлэлкІэ.
ЩыщІагъакъуэу фызабэм, ибэм,
Я цІыхугъэр мыхьуу льэныкъуабэ!

Зэзыдзэкіар **УЭРЭЗЕЙАфликщ.**

● Іуащхьэмахуэ куей

Гъэ еджэгъуэщІэр къоблагъэ

Іуащхьэмахуэ районым егъэджэныгъэ Іуэхущ1апІу 22-рэ итщ. Абы щыщу 14-р курыт школ, 5-р программэм и лейуэ щІэныгъэ щрат Іуэхущ1апІэщ, 4Іущ лицей, гимназие, прогимназие. А псоми гъэ еджэгъуэщІэм жыджэру зыхуагъэхьэзыр.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМКІЭ район къудамэм и унафэщІ Моллаев Сулеймэн зезыщІыгъэгъэуэзамкІэ, школхэр зэгъэпэщІыжныр и кІэм нэблагъащ. «Класс зыбжанэ лэн хуейуэ къэнэжащи, иджыпсту абыхэм яужь итщ, школ уиэльащІэхэр щІагъэувэж, еджапІэм къегъэщІылІа щІыпІэхэр, стадиныр зыхуей хуагъаз», - жиІащ абы.

Адэ-анэхэм къыхалъхьа ахьшэмрэ хьэрычэтыщІэхэм я мылъкукІэ языныкъуэ еджапІэхэм я щхапІэхэм щІэт хьэкухэр, уэщІащІэхэр, хьэжъущыкъуэр зэрахъуэкІащи. ЕджапІэ зыбжанэм я унащхьэхэр зэрахъуэкІыну я мурадщ. КьищынэмыщІауэ, еджапІэ куэдым жьы хьуа я компьютерхэр щІэкІэ яхъуэжьынущ. ЕгъэджэныгъэмкІэ район къудамэм и лэжьакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, иджырей технологиехэр къэгъэсэбэпыным ныбжьыщІэм Іэмал кьаритынущ я щІэныгъэм хагъэхьэнымкІэ.

ТАРИМ *Алисэ.*

● ТхылъыщІэ

Дыуэ



Кайтаев Исмэхьил-хьэжым адыгэбзэкІэ къыдигъэкІа тхылъыр минитІ и куэдагъыу дунейм кьытехьащ. Ар куэдым яфІэхьэлэмэт зэрыхъунум щэч хэтыкъым.

ДЫУЭР (духьэр) Алыхьым зэрызыхуэбгъащІэ. Апхуэдэу щыщыткІэ, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхихІыу ар абы ищІэн хуейщ икІи къыдэІэпыкъуну зыхуегъазэ. Ауэ а лъэІур дауэ гъэзэщІа хъурэ? А Іуэхугъуэм дин псоми я еджагъэшхуэхэр куэд щІауэ йолэжь. Зи гугъу тщІы Кайтаев Исмэхьил-хьэжым и «Дыуэ» тхылъри а щІэныгъэлэхэм ялэжьам и зы Іыхьэ мащІэщ.

Дыуэхэр зэзыгъащІэу Алыхьым зыхуэзыгъэзэну гукъыдэж зиІэхэр щытын хуейщ:

- гукІи псэкІи къабзэу, гукъэкІыфІхэр яІэу;
- гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъу;
- ялэжьри зэджэри зыхъэм я фІэщ хъужу;
- нэпсеягъэ яхэмыльу...

Апхуэдэу щымыт щІыхуэм кьехъуЛэнІакІэ, диныи екъэІІа щэ хуэхэр кьагурыІуэнкІэ фІэщщІыгъуейщ.

Псэхугъуэ егъуэт, и псэмрэ Іэпкъльэпкъымрэ зэдожьу дыуэ кьэзыбж дэтхэнэ щІыхуми. Зы псэныкьуэкІэ, псэр сыт щыгъуи зыгуэр мэпльихьуэ, пІейтейщ, ауэ ар Іэпкъльэпкъым зыкІи кьыфІэІуэхукъым, езыр псынщІэщи. Езым кьыхуэупщІлІым и дыуэхэр Алыхьым зэхэри, и гъащІэр дунеягъэкІи ахърэткІи нэху ещІ. Абы зыми щэч кьытрихьэфынукъым.

Иджы девгъэгупсысыт: сытым щыгъуэ Алыхьым уелъэІуну щыфІщ, узэхихьн папщІэ? Нэхъ щынгъуэр, кьыщІэзэгъщ щІыхуэм и гур щымамырым дежщ. Дыуэ кьыщІубжьын, нэгъуэщІу жьыпІэмэ Тхьэм ущепльэІун хуейр уи гур щызэІухам дежщ, Алыхьтатэм зыхуэбгъэщхъыу, кьару щэху нэрымыльагъэм ущышынэ, кьыззэрыбдэІэпыкъури уи фІэщ хъууэ. Дыуэ-лъэІур кьыбдэІэпыкъунущ тхьэмыщІагъэр кьэмыхьу щІыкІи къэ хъуа иужькІи.

Бегьымбарэм псоми дыуэ я кьабжу щытащ. Іэдэмрэ Хьэуарэ Кьытщхьэщытым мыпхуэдэу елъэІурт: «Я Алыхь, къыдгурымыІэныгъэкІэ гуэныхьым зыщІтхъэмфакъымэ, щІыхьэгъэрэгъу». Нухь Тхьэ льапІэм зыхуигъазэрт: «Я Алыхь, си адэ-анэм, гуэныхьлъэм, щІыхуэхьэм, щІыхуб3 хэм, си унэм кьыщІыхьэхэм, псоми кьахуэгъэзэгъу».

«Мы тхылъым сыщелэжьым гупсысапІэу, хьэупсапІэу сніар тхьылъеджэхэм я лъэІухэр Алыхьым къахуищІарэт, жиІэу арат», - щыжеІэ и публ1э псалъэм Имэхьил-хьэжьым. Ди мурадыфІхэр Тхьэм псоми кьыдигъэхъуліІ!

ХЬЭІАУ *Исльам.*

● ХъыбарегъащІэ

«Дахагъэм и дунейм»

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм щыщхьэІуэм и 13-м «ХьэтІохьуащыкъуей хадэм» щригъэжІуэкІынуц сабий эчинфІэхэм я лэжьыгъэхэм я гъэльэгъуэныгъэ-зэпсуэ.

Къэрал дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ ящІагъуэхэм я бынхэм я Іэдакъэщ1экІхэрщ абдеж нэхъыбэу щагъэльэгъуэнур.

Зэпеуэм и мурадыр зыщ: ныбжьыщІэхэм папщІэ лажьэ социальнэ Іуэхущ1апІэхэм я гъэсэнхэм, унагъуэшхуэм щыщхэм, зеинш

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Футбол



Метр 11-м и деж щыту Леандрэ зэуа топыр Рыжиковым кьеубыд.

Сиradзе (№8) кІуапІи жапІи иратакъым.

Судьям и щыуагъэм дыкъыхегъащІэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Рубин» (Къазан) - 0:1 (0:0). Шыщхьэ1ум и 7-м. Налшык. «Спартак» стадион. Щыху 5 000 ешІащ.

Судьяхэр Каюмов, Кулагин (тІурИ Мэзкуу щыщІ), Ширяев (Ставрополь).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Лебедев, Джудович, Овсиенкэ, Багаев, Леандрэ (Голич, 75), Гриднев, Концедалов, Рухана, Пилипчук (Шаницин, 82), Сиradзе (Милич, 59).

«Рубин»: Рыжиков, Кисляк (Кузьмин, 46), Шаронов, Боккети, Кверквелия, Калешин, Натхьуэ, Нобоа, Касаев (Лебеденко (65), Гекдениз (Немов, 75), Дядюн.

Топыр дигъэІащ: Лебеденкэ, 73 (0:1).

31-нэ дакьикьэм пенальтир дигъэкІыфакьым Леандрэ.

Дагъуэ хуащІ: Гриднеевым, Фредриксон, Кверквелия, Натхьуэм, Лебедевым, Концедаловым, Немовым, Дядюн.

ЕПІЩІКІУБГЪУАНЭ джэгуГъуэм хиубыдэу вэсэмахуэу «Спартак-Налшыкым» къыгъэблэгъащ Къэзан и «Рубин»-р. Зэ1ущІэр зэхьэрхуэрэгъуэхэм сакъыпІэу кьыщІадзащ, зэпэщІэтынигъэр нэхъыбэрэ щекІуэкІыр джэгуэпІэ губгъуэм ик урт.

Апхуэдэу екІуэкІащ ящэ ІыхьэмІ и Іыхьэ щанэр. ЕпщыкІутхуанэ дакьикьэр екІуэкІыу хэгъэрейхэм я ящэ епгъэрыкІуэныгъэр кьыззрагъэпэщащ. Угловой нэуэкьым штрафнойм кьыльэта топым псом ящэу нэсащ Сиradзе, арщхьэкІэ гъуащхьауэр щхьэкІэ зэуа топыр зымащІэкІэ гъуэм щхьэпрыльэтащ.

Ди щІалэхэм я кьыкьлыкІуэ егъэрыкІуэныгъэмкІуэдрэ щыпигъэльакьым. Дакьикьэ зыбжанэ нэхъ дэмыкІауэ, Гриднеевыр гъуэм екІуэлІащ. Абы нэхьрэ нэхъ Іэ5эу кьыщІэкащ кьЭзандэсхэм я гъащхьэхэтеращ. Рыжиковым топыр зДэкІуэнУр кьишІэри, тынш дыдэу кьиубыдащ.

Хэгъэрейхэм я щІэщхьэм «Рубин»-р нэхъ жыдэр дэсхэм хьэщІэхэр Іэнкун ящІат Абыхэм щыуагъэншэу топыр зыІэпахьфыртэкьым, егъэгъэрыкІуэныгъэр ирагъэжьэфыртэкьым.

31-нэ дакьикьэр екІуэкІыу «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр кьыззІуихьну Іэмалыфі дыдэ кьыхуХуэкІащ. Налшыкдэсхэм я егъэрыкІуэныгъэ зэпымыуи ящыгъэ кьыззрагъэпэщащ. Угловой нэуэкьым штрафнойм кьиІыэта топыр псом ящэу нэсащ Сиradзе, арщхьэкІэ гъуащхьауэр щхьэкІэ зэуа топыр зымащІэкІэ гъуэм щхьэпрыльэтащ.

Ди щІалэхэм я кьыкьлыкІуэ егъэрыкІуэныгъэмкІуэдрэ щыпигъэльакьым. Дакьикьэ зыбжанэ нэхъ дэмыкІауэ, Гриднеевыр гъуэм екІуэлІащ. Штрафнойм щихьэм абы топыр хуигъэжащ «Рубин»-м и гъащхьэхъуэмэхэм гулыитэншэу кьагъэна Рухаиа. АрщхьэкІэ нужьрейми и насып кьикІакІым, гъуэм техуэфакьым.

Жыдэр кьэхуа налшыкдэсхэм хьэщІэхэр Іэнкун ящІат Абыхэм щыуагъэншэу топыр зыІэпахьфыртэкьым, егъэгъэрыкІуэныгъэр ирагъэжьэфыртэкьым.

31-нэ дакьикьэр екІуэкІыу «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр кьыззІуихьну Іэмалыфі дыдэ кьыхуХуэкІащ. Налшыкдэсхэм я егъэрыкІуэныгъэр ирагъэжьэфыртэкьым.

Ар зэуэу Фредриксон кьиргъэльеижа топым яп нэсащ Дядюн, арщхьэкІэ нэгъабэ кьытхэта гъуащхьауэ щІалэщІым и Іэмалыр кьиргъэсэбэпыфакьым.

ЕтІуанэ Іыхьэр хэгъэрейхэм егъэгъэрыкІуэныгъэкІэ кьыщІадзащ. Леандрэ штрафной кьыхитам метр зыбжанэкІэ гъуэм пэмыжьжьэу щыт Пилипчук техуакьым.

Ди щІалэхэм я егъэгъэрыкІуэныгъэхэр тынш дыдэу кьызэпаудырт я лъэныкьуэмкІэ гупышхуэу зыщызыгъэбыда «Рубин»-м и футболистхэм. Апхуэдэу зыбжанэрэ Рыжиковым и гъуэм еФуэлІэну х этащ Леандрэ, Рухаиа, Концедалов сымэ, арщхьэкІэ зыри кьикІакьым.

ХьэщІэхэм я дежкІэ егъэгъэрыкІуэныгъэ нэхъ шынагъуэу кьыщІэкІахэм ящыщу кьыхэгъэщыпхъэщ 70-нэ дакьикьэр екІуэкІыу «Спартак-Налшыкым» кьыхита угловойр. Рыжиковым хуэзанщІэу кьридзыхэ топым ди щІалэхэм ящыщ нэсакьым.

Зэман кІыхьыкІэ зызыхьумэжа «Рубин»-м и контратакэ закьуэтІакьуэхэм ящыщ зым екъуІэнырІэ кьахуихьащ. Натхьуэ хэгъэрейхэм я гъуаущхьэхъуэмэ зыбжанэм Іэ5эу кьыпеФуэйри, топыр штрафноймкІэ хитащ. Абы ящэу нэса Лебеденкэ кьэнэжа зы гъуащхьэхъуэмэм Іэщ1экІри, лъэщу гъуэм еуащ - 0:1. Абдежым хьэщІэхэм я гъуащхьауэр Іэкі э топым зэрелусар зэІущІэм и судья нэхъыщхьэ Кающовым ильэгъуащхьэм икІи Урысей Футбол Профессионал Лигэм и инспектор Маляровым кьыбгъэдэкІыу «ТІу» кьихьащ.

Я хьэрхуэрэгъуэ гупышхуэу и лъэныкьуэмкІэ зэрызыщигъэбыдам кьыхэкІыу «Спартак-Налшыкым» Іэмал кьыхуихьэкІат егъэгъэрыкІуэныгъэм хэту штрафноймкІэ кьыхата топым ящэу нэсащ Голич, арщхьэкІэ сантиметр бжыгъкІэ гъуэм техуакьым.

«Рубин»-м зэ5эмыІэз контратакэ псынщІэхэр кьызэригъэпэщыр т. 35ІущІэм и иужьрей дакьикьэр екІуэкІыу Натхьуэ я гъуащхьэтетым хуэзанщІэу кьэхутащ, арщхьэкІэ Бейбарс зэуа топым Оттэ кьиргъэгъэзащ.

КьыкІэльыкІуэу кьыхагъэща ди щІалэхэм турнир таблицэм щалэ щытыкІэр нэхъыкІэ щохьу. Хуэм-хуэмрэ нало кьэхьу хуэдэщ 2011 г - 2012 гъэ джэгуГъуэм и ужькІэ ящэ дивизионым зыгъэ5эжыну командэхэр.

Адрей командэхэм я ящэ зэ1ущІэхэм мыпхуэдэ бжыгъэ хэр кьарикІуащ: **ЦСКА** (Москва) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **0:2, «Анжи»** (Мэхьачкьалэ) - **«Томь»** (Томск) - **2:0, «Кубань»** (Краснодар) - **«Динамо»** (Москва) - **3:1, «Волга»** (Новгород Ищхьэрэ) - **«Ростов»** (Дон Іус Ростов) - **0:1, «Локомотив»** (Москва) - **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **0:0, «Амкар»** (Перм) - **«Краснодар»** (Краснодар) - **0:2, «Тэрч»** (Грозный) - **«Спартак»** (Москва) - **2:4.**

КьыкІэльыкІуэ зэ1ущІэр ди щІалэхэм Томск щІрагъэкьынущ. Шыщхьэ1ум и 13-м аехэр Іущ1энущ щІпІэ «Томь»-м.

ЖЫЛАСЭ Замир.

«Спартак-Налшыкыр» йобгъэрыкІуэ. *Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командхэр	Дж.	Кь.	З.	Фі.	Т.	О.
1. ЦСКА	19	12	5	2	36-14	41
2. «Зенит»	19	11	6	2	30-12	39
3. «Динамо»	19	10	5	4	30-21	35
4. «Анжи»	19	9	6	4	22-14	33
5. «Рубин»	19	9	6	4	25-16	33
6. «Спартак»	19	9	4	6	24-22	31
7. «Локомотив»	19	8	5	6	31-22	29
8. «Кубань»	19	8	4	7	22-19	28
9. «Краснодар»	19	6	8	5	23-24	26
10. «Тэрч»	19	6	4	9	16-22	22
11. «Амкар»	19	5	5	9	13-26	20
12. «Томь»	19	4	7	8	18-30	19
13. «Волга»	19	5	1	13	17-24	16
14. «Ростов»	19	4	4	11	20-33	16
15. «Спартак-Налшык»	19	2	7	10	15-26	13
16. «Крылья Советов»	19	2	7	10	10-27	13

Щ1алэгъуалэ зэпеуэ

Ещанэу зэкІэлъхьэужьу

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Рубин» (Къзан) - 1:0 (0:0). Шыщхьэ1ум и 6-м. Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. Щыху 600 ешІащ.

Судьяр Погарченкэ (Шахты).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Къумыкъ (Щэуей Алихан, 57), Мырзэ, Ковальский (Хьэгъабанэ, 75), Щэуей Іэмырхьан (Мэкъуауэ, 59), Кхъуэныхь, Чочуев, Абазэ, Болэ, Серэ, Митришев (Тебэрды, 78).

«Рубин»: Волкоторуб, Ситдиков, Дайати, Прокопенкэ, Жестоков, Антоюк, Горелишвили, Уридия, Лобанов, Оразсахедов, Чала (Вшивцев, 65).

Топыр дигъэІащ Чочуевым, 84 (1:0) - пенальтикІэ.

Дагъуэ хуащІащ: Болэмрэ Дайатирэ.

ЩІАЛЭГЪУАЛЭ гупхэм я зэхьэзэхуэм хиубыдащ щэбэт кІуам Прохладнэ кьалэм щекІуэкІащ «Спартак-Налшыкымрэ» Къзан и «Рубин»-мрэ я зэІущІэр.

Джэгур командхэм я зэхуакъ зэпэщІэтыныгъэшхуэ дэмылъу щІидащ. Футболистхэр псэпэгъэт и хьэрхуэрэгъуэ щыуэу ар кьагъэсэбэпыну.

Зэман дэкІри, хэгъэрейхэм я ящэ егъэгъэкІуэныгъэхэр кьызэрагъэпэщу щІадзащ. Апхуэдэу ящэ Іыхьэм икухэм ирихьэлІэу «Рубин»-м и гъуэм зыбжанэрэ екІуэлІащ Мырзэр, Щэуейр, Болэр, абыхэм хуэфэщэн кІэух ирагъэгъуэтыфакьым.

Кьыхэгъэщыпхъэщи, хьэщІэхэми контратакэ лъэщхэр кьызэрагъэпэщащ икІи зыбжанэрэ ди щІалэхэр кьригъэлащ и Іэзагъым и лъагагъыр кьэзыгъэлъэгъуа Антиповым.

ЕтІуанэ Іыхьэр кьэзандэсхэм егъэгъэкІуэныгъэкІэ кьыщІадзащ, арщхьэкІэ ди щІалэхэм я гъуаущхьэхъуэмэхэм я гъуэм екІуэлІащ Хьэгъабанэрэ Мэкъуауэрэ, фІы дыдэу гъуащхьэхъуэмэхэм я1ущІэкІащ Абазэр.

83-нэ дакьикьэр екІуэкІыу кьэзандэсхэм хабзэм кьемызэгъыу кьагъэувыІащ гъуэм хуэкІуэ Болэр - пенальти! Ди командэр ящэ иригъэщащ щІалэгъуалэ гупым и пенальтист Чочуев Ахьмэт - 1:0.

Судьям зэ1ущІэм кьыщІигъуа дакьикьэ зыбжанэрэ ди щІалэхэм жыдэру ирахьэкІыжащ икІи ещанэу зэкІэлъхьэужьу я кьыкІэлъыкІуэ текІуэныгъэр зы1ирагъэхьащ.

Адрей командэхэр зэрызэдэжьгъуам адэкІэ фыщыдгъэгъуэзэнщ: **ЦСКА - «Зенит» - 0:0, «Анжи» - «Томь» - 3:0, «Кубань» - «Динамо» - 3:1, «Волга» - «Ростов» - 6:1, «Локомотив» - «Крылья Советов» - 2:0, «Амкар» - «Краснодар» - 4:1, «Тэрч» - «Спартак» - 4:1.**

МЭЗКУУ Къанщобий.

Зэ1ущІэ нэужьым

БЕРДЫЕВ Курбан,

«Рубин»-м и тренер нэхъыщхьэ:

Дэри Каюмовым дыхуэарэзыкъым

- Сэ нобэ арэзы сыкъэзыщІар зэ1ущІэм и кІэух бжыгъэм и закъуэщ, - жиІащ Бердыевым джэгур нуха ижькІэ. - Ди щІалэхэр хуабжьу ешауэ джэгуащ, ауэ ильэкІ кьагъэнакьыми, фІыщІэ ин яхуэсощ.

Джэгум и ящэ дакьикьэхэм щегъэжьауэ нэрылъагъут Чемпионэм я Лигэм щедгъэкІуэкІа зэ1ущІэ гуГъуэм ди щІалэхэм я кьарур зэрыщихар. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ахэр тэмэму зэрытхъуэжьын нобэкІэ диІэкъым.

- Текіуэныгъэр кьыхуэзыхьа топ закьуэр «Рубин»-м щыдигъэкІам футбол хабзэм ебэкъуауэ къэплъытакъэ?

- Судьям ар щыхибжакІэ, пэжу дэдгъэкІауэ кьыщІэкІынущ. Абы и пэжыгъэм сэ сыхэІэбэну сыхуейкьым, ауэ жысІэфынущ Каюмовым и нобэрей гъжьыгъэмкІэ дэри дызэрымыарэзыр. Кьапщтэмэ, хэгъэрейхэм я футболистхэм ящыщ зыр абы джэгум кьыхихун хуеящ.

ТАШУ Сергей,

«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

Пенальтир тхудэгъэкІамэ...

- Зэ1ущІэм кьрикІуа бжыгъэр кьудкІэ елыта хьуащ пенальти зэрытхудэмыгъэкІамрэ топыр футбол хабзэм темыту кьызэрытхудахуамрэ, - щыжиІащ пресс-конференцым «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэм. - Джэгур зэрекІуэкІам и гугъу пщІымэ, ди щІалэхэм я кьарур псори абы хальхьащ икІи зыми гукъанэ хэзыІэкъым. Пэжщ, ди егъэгъэкІуэныгъэхэр иджыри щІагъэхъуэм, ауэ абыи Іуэху зэрыщыгедгъэфэкІуэжыным яужь дитщ. Кьапщтэмэ, нобэ гъуащхьауэу Пилипчук дгъэджэгуащ.

- Леандрэ пенальтир зэрыдимыгъэкІыфар, дауи, удынышхуэ фхуэхъуащ.

- Щэч хэмыту. «Рубин»-м удэджэгу, пенальти пхудэмыгъэкІынныр, кьеМыззгъащ. Іуэхур кьыдэхъуІамэ, джэгури нэгъуэщІ хьунут.

- Нобэ ящэ зэ1ущІэм щытпъэгъуащ Рухана Гуджэ. Абы техуауэу сыт кьыджепІэфын?

- Абы хъарзынэу зыкъыгъэпъэгъуащ - псынщІэщ, егъэгъэрыкІуэ зэпытщ, гъуэм фІыуэ йоуэ. Дэ Рухана кьудкІэ дыщогугъ.

ТЕМЫР Дисанэ.

Рэм афияныр къелъыхъуэ

«Восход» зыгъэпсэхупІэ лагерым тхьэмахутІкІэ щекІуэкІащ Наркотикэм кІэлыплъыныжькІэ управленэу КъБР-м щыІэм я Іуэхущ1эфІхьапхъэр, картэ яІыгъыу е арыншэу щІыпІэр кьахутэфынырр, бгы-мэзыдлъэ щІыпІэхэм щыпсэуфынырр.

А махуэхэм ящыщ зым сабийхэр НаркоІуэхущІапІэм и хьэщІащ. Отставкэм щыІэ полищэм и полковник Петров Владимир яГуэу Іэщ1эм зэрызнужьым теухуауэ щІыкІуэхэм хьэІэпІ1эту куэд яжриІащ. Наркополицейхэм я нэІэ щ1эту ныбжьыщІэхэм кІэрахьъэрэ автоматрэ яІыгъащ, снайпер фочым и оптикэ тегъэпсапІэм ипдъахущ. Эксперт-криминалист къудамэм и Іэщ1агъэлІхэм я лъжьыгъэм щыкІуэкІэ щагъэгъэзащ, гукъыдэж зыщІахэм я фотороботхэр зэхагъэуващ. Инструктор-кинологымрэ абы и хьэ гъэса Рэмрэ сабийхэм яІыгъуу Управленэм и пщІантІэм щагъэпщкІуа афиян нэпцІыр кьагъэуэтащ.

И гъэщІэгъуэнагькІэ абы кьыкІэрыхурэгъкым НаркоІуэхущІапІэм и къудамэ щхьэхуэм и дэжьакІуэхэм зэраІуащІ. Абыхэм ныбжьыщІэхэм ирагъэлъэгъуащ Іэщ1эрыбанэ зэуэкІэм и Іэмалхэр, апхуэдэуи зэпеуэ мыинхэр дгъэкІуэкІащ.

Махуэ кІэс наркополицейхэм сабийхэм гурагъэІуащ лъапощхьэпо псори кьыззыпнэкІыфыныр, ехьуІэныгъэхэр зыІэрызыгъэхьфынУр, льагапІэхэм нэсыфынур кьаруУфІэ, акьыльфІэ щІыхур арауэ зэрыщІтыр. ТхьэмахутІ Управленэу КъБР-м щыІэм и щІыхь тхыльхэр иратащ.

СУАНОВЭ Залинэ,

УФ-м Наркотикэм кІэлыплъныныжькІэ и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-къулыкъущІапІэ.

Ныбжьыщ1эхэмрэ нэхъыжьхэмрэ фэепль сурэт зытрагъэхащ.

А Іэщ1агъэ армэми къыщагъэсэбэп

Налшык дэт Техникэ щкольм щекІуэкІащ Урысей ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и унафэщІ Іэщ1ын Юрэ, Къэрал автоинспекцэм и лІыкІуэхэу милицэм и полковникхэу Іэрэмысэ Ас1ынрэ Іэщ1ын Русланрэ, подполковник Кхъуэтепыхьэ Владимир, Урысей ДОСААФ-м и республикэ къумарым и Налшык техникум ефкапІэм и унафэщІ Къудей Борис сымэ.

Ахэр нэхъыщхьэу кьытеувыІащ Урысей ДОСААФ-м и къудамэу КъБР-м щыІэм и еджапІэхэм шоферхэр зэрыщагъэхьэзырыр нэхъри егъэфІэкІуэн зэрыхуейм.

Дэ кьуІыкьум ираджэхэм кьаІэныр зы ильэскІэ зэрырахьэкІыр кьэпІныгтэмэ, аррэ Іэщ1агъэлІ нэсхэм хуейащ икІи апхуэдэхэр зыгъэхьэзырыр Урысей ДОСААФ-рщ. Абы и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм зи Іэщ1агъэм хуэІэжькІэ лэжьакІуэхэр кьыхэхыным гулытэ хуещІ. Абыхэм автомашинэр зегъэкІуэным, абы и хабзэхэм фІыуэ хищІыкІыным, Іэщ1агъэлІ нэсу дзэм ираджэным зи армэ кІуэгъуэ щІалэгъуалэр хурагъаджэ.

Зэ1ущІэм хэтахэр зэгурыІуащ ирагъаджэхэм, псом хуэмыдэу дзэ-Іэщ1агъэр кьыхэзыхахэм Іэщ1агъэлІ нэс кьаразэрыкьэкІыным техажьэ цех щэхуэхэр. Абыхэм зыр Къуалъкъужьын Ищхъэрэ кьуажэм щыпсэуи и уней лъапсэм, адрейр Налшык кьалэ Калюжнэм и уэрамым тет «Стройдвор» ухуахКІуэ базэм и щІыпІэм бэджэнду щиІыгъ щІыунэм щыІэт.

А щІыпІэхэр щыщІаплъыкІым кьагъуэтащ федеральнэ маркэ щхьэхуэ нэпцІхэр зэращІ «HEIDEIBERC», дэфтэр нэпцІхэм я матрицэхэр щагъэхьэзыркІэ кьагъэсэбэп «THEIMOCLEAN» типографие станокхэр, маркэ нэпцІу мин 55-рэ, заводым кьыщыщІагъэкІа, Іэрыщ1 станокхэр, тхылъ зэмылЭужьыгъуэ куэд, федеральнэ маркэ щхьэхуэхэр зэхьэзэрыным хуэщІа «HITACHI», «CAMOZZI» и «PEMEZA» фирмэхэм я Іэмэпсымэхэр. Къищынэмыщ1ауэ, маркэ нэпцІ хьэзыру мин 250-рэ кьыщІахащ.

КъБР-мкІэ МВД-м и СЭБ-м щыгъуазэ дыззэрищ1ыкІыныгъэхэр щрагъэкІуэкІым цехым цІыхуи 6 щІагъэжьэрт.

Дэфтэр нэпцІхэр зыщІахэмрэ теухуа Іуэхугъуэхэр зэхагъэкІ.

КъБР-м и Хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм Зыуэ щыт я хъыбарегъащІэ центр.

Дэфтэр нэпцІ гъэхьэзырыпІэхэр зэхущІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм зэхуащІыкІащ дэфтэр нэпцІхэр щагъэхьэзыр цехитІ. Ахэр зейхэр республикэм щыІэ щІэпхъаджащІэ гупым пыщІамэ зэхагъакІ.

КъБР-м щыІэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмкІэ и кьулыкъум и лэжьакІуэхэм Урысей ФСБ-м и Іуэхущ1апІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэхьэзырыным техажьэ цех щэхуэхэр. Абыхэм зыр Къуалъкъужьын Ищхъэрэ кьуажэм щыпсэуи и уней лъапсэм, адрейр Налшык кьалэ Калюжнэм и уэрамым тет «Стройдвор» ухуахКІуэ базэм и щІыпІэм бэджэнду щиІыгъ щІыунэм щыІэт.

А щІыпІэхэр щыщІаплъыкІым кьагъуэтащ федеральнэ маркэ щхьэхуэ нэпцІхэр зэращІ «HEIDEIBERC», дэфтэр нэпцІхэм я матрицэхэр щагъэхьэзырыкІэ кьагъэсэбэп «THEIMOCLEAN» типографие станокхэр, маркэ нэпцІу мин 55-рэ, заводым кьыщыщІагъэкІа, Іэрыщ1 станокхэр, тхылъ зэмылЭужьыгъуэ куэд, федеральнэ маркэ щхьэхуэхэр зэхьэзэрыным хуэщІа «HITACHI», «CAMOZZI» и «PEMEZA» фирмэхэм я Іэмэпсымэхэр. Къищынэмыщ1ауэ, маркэ нэпцІ хьэзыру мин 250-рэ кьыщІахащ.

КъБР-мкІэ МВД-м и СЭБ-м щыгъуазэ дыззэрищ1ыкІыныгъэхэр щрагъэкІуэкІым цехым цІыхуи 6 щІагъэжьэрт.

Дэфтэр нэпцІхэр зыщІахэмрэ теухуа Іуэхугъуэхэр зэхагъэкІ.

Адыгэ псалъэ

Иджыри къыІах

КъБР-м и Жылагъуэ палатэмрэ республикэм Щ1алэгъуалэм я Іуэхуэмрэ жылагъуэ зэгугъныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министерствэмрэ Іэпхьаф фагъащІ комерцэу щымыт зэгугъэныгъэм псэуныгъэм егъэщІыла я проект нэхъыфІэхэр кьыхэхыным хуэунэтІа «СоДействие» зэпеуэм хэтыну хуейхэм яджыри лъэІу тхыльхэр кьыззрыпаХьмкІэ.

ЗэПЕУЭР Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм кьыхитъха жэрдэмыр и лъабжьэу Псэуныгъэ программэхэм я «СоДействие» III Урысейпсо фестивалым хэ ту ирагъэкІуэкІ мыпхуэдэ лІэужьыгъуэхэмкІэ:

- МылъкукІэ зыпІыжьын зимыІэу кьэнахэм якІэпъыппъын, ан,ажэгъэ сабийхэмрэ ядэлэжьныкъуэ;
- зи ныбжь хэкІуэта цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэн;
- ныкъуэдыкъуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ гъащІэм нэхъ ящыкъэгъу хэпшІн;
- щІэныгъэмрэ техникэмрэ, творчествэм, цІыхубэ спортым, щІыналъэ тхыдэр дАжьынымрэ, абы и щІыуэпсым щыгъэгъуэзэным хуэзыгъэуэ щ1алэгъуалэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэм зегъэужьын;
- лъэпкъхэм яку дэтэ зэпыщІэныгъэм зегъэужьын;
- цІыхухэм псэуныгъэкІэ защІэрэкъуэн;
- дыкъэзыухъурееихь дунейр хъумэн;
- НКО-м и лэжьыгъэр дэлажьэн.

Зэпеуэр Іыхьитіу ирагъэкІуэкІ:

2011 гъэм бадзэуэгъуэм І- фокІадэм 1-хэр зэпеуэм и ящэ лъэхъэнэщ - щІыналъэ Іуэхущ.

2011 гъэм фокІадэм и І - 30-хэр зэпеуэм и етІуанэ лъхъэнэщ - федеральнэ Іуэхущ.

Зэпеуэм и ящэ Іыхьэм хэтыну хуейхэм лъэІу тхыльхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1алэгъуалэм я Іуэхуэмрэ жылагъуэ зэгугъныгъэ хэм ядэлэжьныкІэ и министерствэм хуагъэхь хуэІунущ мы хэщІапІэмкІэ: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 57-нэ унэ, жылагъуэ зэгугъныгъэмрэ политикэ партэмрэ ядэлэжьныкІэ къудамэ.

«Фыщ1эупщІэ хъунущ мыпхуэдэ телефонхэмкІэ:**(8662) 72-03-19, 77-84-03.**

Коммерцэу щымыт зэгугъныгъэхэм псэуныгъэм егъэщІылІа я проект нэхъыфІхэр кьыхэхыным хуэунэтІа «СоДействие» зэпеуэмрэ Псэуныгъэ программэхэм я «СоДействие» III Урысейпсо фестивалымрэ ятеуэуа хъыбарым нэхъ кууу щыІуэгъуэз зыщыхъэфщІ хъунущ www.sofest.ru сайтымкІэ.

Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, «Адыгэ псалъэ», Заман» газетхэм я редакцэхэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хьыбар фагъащІ гуи елэзэ дохутыр цІрыІуэ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКУ-м и доцент **Зыфиз Рустам Мухьэмэд и ныбжьыр** зэрехьэжьакІэ икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

«Адыгэ псалъэ» гъэзетым и лэжьакІуэхэр Лэскэн куей администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Бажэ Дотий Мастафэ и къуэр** хуогузавэ абы и анэ **Жангулэз ПутІэ и пхъур** дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэКІмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкьларэ Алик.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, егъэуаз - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щапхьэзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэжьнигъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху елыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынкІэ и пщІ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыпкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыдэгъэхъэм и 16-м №П-0065-м щІэту яТхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-р) кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и цІэкІ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактору Истэпан Залинэ, корректору Щоджэн Заирэ, корректорхэм я дЭІэпыкьуэгъу Мырзэкъан ФатІимэ.** ***Компьютерхэм газетым и тепльэр ящІащ*** **Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жанпэщ.**

Номеры "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 8.878● Заказ №2074